



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 4/25/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO VOYE 70 PÈSONÈL ADISYONÈL IJANS ETA NAN DIFE FORÈ
NAN KONTE ULSTER**

Plis pase 110 anplwaye eta sou plas e yo angaje aktivman nan operasyon elimine dife a

Dife pyebwa nan Sam Point Preserve te konsome preske 800 kawotè

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te bay dènye enfòmasyon e li te voye pèsonèl ijans eta a pou bay bourad nan elimine dife forè a ki lokalize nan Sam's Point Preserve toupre Ellenville nan Konte Ulster. Dife forè a te kòmanse nan samdi e aktyèlman li te boule apeprè 800 kawotè nan preserve la, e yo te etabli yon liy otou perimèt zòn dife a pou ede nan kontwòl li. Pandanke dife a tap avanse epi ogmante nan entansite, okenn estrikti pat afekte e yo pat rapòte okenn blesi.

“Otorite yo na neta ap travay etwatman avèk otorite lokal yo pou konbat dife sa epi kenbe Nouyòkè yo ansekirite,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Nou pral kontinye pran tout aksyon ki nesèsè pou etenn dife forè sa, e mwen ankouraje tout moun nan zòn lan pou pa rete toupre epi pran enfòmasyon sou dènye devlopman yo. Mèsi pou tout sekouris yo ki te travay san relach nan dife sa a.”

Gouvènè a te deplwaye plis pase 70 anplwaye adisyonèl eta pou ede konbat dife a. Kounye a gen plis pase 110 anplwaye ijans eta sou plas ki angaje pou etenn dife a. Sa a gen ladan Ekip Jesyon Aksidan Eta, ki te entegre nan Gad forestye Eta, ak yon Gwoup Pwoteksyon Strikti Prekosyonè sa ke yo te egalman deplwaye nan zòn lan.

Ajans yo nan Eta ki te deplwaye gen ladan:

- DHSES (Biwo Jesyon Ijans, Prevansyon ak Kontwòl Dife ak Kominikasyon Ijans)
- Lapolis Eta
- Depatman Konsèvasyon Anviwonman
- Pak Eta yo
- Sèvis Transpò
- Park Police
- The Nature Conservancy
- Minnewaska State Park
- Mohawk Valley

- Albany Pine Bush
- Ekip Aktif pou Jesyon Ensidan
- Kominikasyon Aktif OIEC

Yo te deplwaye tou Kat ajans lokal EMS ak 17 depatman ponpye nan Konte Ulster.

Dife forè alimante pa fèb imidite, vejetasyon ak rafal van ak kondisyon meteyolojik sèk ki favorab pou plis dife forè toupatou nan eta. Yo kalifye pifò pati nan New York kòm zòn ki gen gwo posiblite dife. Dife ka kòmanse fasil epi ka vinn danjere si l pa mouri pandan l tou piti. Pou wè yon kat jeyografi ki ajou sou klasman danje dife nan New York, tanpri klike [la](#).

Rele 9-1-1 pou rapòte yon dife ou sispèk ki pran nan forè. Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans vle fè Nouyòkè sonje pou yo gen yon plan evakyasyon fanmi ak yon twous depa ki pare pou ijans. Pou jwenn yon lis atik pou ijans, tanpri klike [la](#). Pou jwenn enfòmasyon sou sekirite dife forè, tanpri klike [la](#). Pou jwenn enfòmasyon sou kijan pou pwoteje lakay ou, tanpri klike [la](#).

###

Wap jwenn lòt nouvèl adisyonèl nan www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418